**DOI: https://doi.org/10.5281/zenodo.10809652**

# QALA JOLLARÍNÍŃ HÁREKET BAĞDARÍNDA AVTOBUSLARDÍŃ HÁREKET QÁWIPSIZLIGINE TÁSIRIN BAHALAW

**Gaipov Sharipboy Jubatovich**
Qaraqalpaq Mámleketlik Universiteti assisten oqıtıwı

**Najenov Dawitbay Yakubbaevich**
Qaraqalpaq Mámleketlik Universiteti úlken-oqıtıwı

**Ongarbaev Ajiniyaz Muratbay ulı**
Qaraqalpaq Mámleketlik Universiteti stajyor-oqıtıwı

***ANNOTATSIYA***

*Bul maqalada, házirgi kúnde avtomobil sanaatınıń rawajlanǵanlıǵı hám de qala jollarınıń háreket baǵdarında avtobuslardıń háreket qawipsizligine tásirin bahalaw haqqında maǵlıwmatlar keltirilgen.*

***Kalit so'zlar:*** *Avtomobil, qala, jámiyetlik transportı, svetofor, jeńillikli háreketleniw.*

***ANNOTATION***

*This article provides information on the current development of public transport and the assessment of the impact of public transport on the traffic safety of urban roads.*

***Key words:*** *automobile, master-plan, public transport, urbanization, preferential traffic.*

## KIRISH

Házirgi vaqıtta dúnyanıń derlik barlıq iri qalalarında avtomobiller sanı kúnnen-kúnge jedel pátde artıp barıp atır. Bunday jaǵdaydı Ózbekstan Respublikasında da baqlawımız múmkin. Ózbekstan Respublikası ǵárezsizlikke eriskeninen keyin mámleket ekonomikası potencialın asırıw maqsetinde avtomobil sanaatın rawajlandırıw boyınsha keń jolǵa qádem qoyıldı.

Avtomobillestiriw jámiettiiń ekonomikalıq rawajlanıwına unamlı tásir qılıw menen birgelikte, bir qansha unamsız aqıbetlerdiń kelip shıǵıwına sebep bolıp atır desek asıra aytqan bolmaymız. Avtomobillashtirishning unamsız aqıbetleri nátiyjesinde kóplegen jol-transport hádiyselerine dus kelip atırmız. Bul bolsa bir qansha adamlardıń qaytıs bolıwları yamasa tán jaraları alıwları, sonıń menen birge, jol-transport hádiyseleri nátiyjesinde kóplegen jetkezilip atırǵan materiallıq záleller, qala kósheleri, xalıq jasaytuǵınlıq orınlardan ótetuǵın jollar regionindegi joqarı dárejedegi shawqım, kóshelerdiń toqtap turıwshı avtomobiller tárepinen to‘sib qóyılıwları hám aqır-aqıbetde, birinshi náwbette qala jolawshı kólikleriniń háreketleniwine de óziniń unamsız tásirin kórsetip atır. Mısal qılıp aytatın bolsaq, Nókis qalası, aralas transport aǵımında háreketlenip atırǵan jámiyetlik transportı ushın arnawlı bólekler yamasa svetofor obyektinde jeńillikli háreketleniw joq ekenligi olardıń bir ırǵaqta islewine tosqınlıq jasap atır. Onıń nátiyjesinde transport qurallarınıń uslanıp qalıwları menen birgelikte jolawshı kólikleriniń háreketleniw tezlikleri tómenlep ketiwine alıp kelip atır.

Qala jolawshı kólikleriniń jeńillikli háreketleniwin rawajlandırıw hám xalıqqa kórsetilayotgan transport xızmeti sapasın asırıw boyınsha bir qatar hal etiliwi kerek bolǵan máseleler bar.

Nókis qalasınıń avtomobiller hám jámiyetlik kólikleri háreketlenetuǵın eń qatnawı kóp kóshelerinen biri A. Dosnazarov kóshesi esaplanadı. Kósheniń ulıwma keńligi 22 metr bolıp, 3 bólekli etip belgilengen hám hár bir bólektiń keńligi 3,5 metrden etip alınǵan. Jónelisler boyınsha qatnaw bólimleri 10, 5 metrden belgilenge.

Qalamızdıń oraylıq kóshelerinen tağı biri Tórtkól guzarı kóshesi esaplanadı. Bul kóshede avtomobiller háreketi talay tığız bolıp tabıladı. Kósheniń ulıwma keńligi bolsa 22 metrdi quraydı. Jónelis boyınsha qatnaw bóleginiń keńligi 11 metr hám de 3 bólekli etip ajıratılğan. Bólektiń keńligi 3,5 metr etip belgilep alınğan.

Qala orınlarda qatnawshı avtobuslar dúzilisi jolawshılardıń otırıp hám turıp ketiwine hám de túsiwine, tez-tez toqtap, úlken tezleniw menen háreketleniwine maslanğan bolıwı kerek bolıp tabıladı. Qala ishi bağdarlarında qatnawshı jolawshılar ortasha qatnaw aralığı salıstırğanda kishi hám táwlik dawamında jolawshılar ağımınıń ózgeriwshen bolıwı qala ishi avtobuslarınıń kuzov saloni jobası kem otırğıshlı, ótiw orınları, avtobustıń aldı hám arqa tárepinde turıp ketiwge mólsherlengen ústi (maydansha) keń bolıwın talap etedi. **Juwmaq** etip aytqanda, salondı aytılğan sıyaqlı, joybarlaw menen jolawshılarğa xizmet kórsetiw sapasın derlik kemeytirmegen halda avtobus sıyımlılığın asırıwğa erisiledi. Shığıw hám túsiw ushın qapıları keń bolıwı, jolawshılardıń shığıw hám túsiw ushın zárúr bolğan toqtap turıw waqtın kemeytiw esabına avtobuslar jumıs ónimin asıra aladı.

## *PAYDALANILĞAN ÁDEBIYATLAR DIZIMI*

*1. Q.X.Azizov. Harakat xavfsizligini tashkil etish asoslari. – T.: "Fan va texnologiya", 2009. - 244 bet.*

*2. Abduraxmanov R.A., Azizov S.Z. Shahar yo'lovchi transportlarining imtiyozli harakatlanishini tadqiq qilish (Jizzax shahri misolida) // TAYI "O'zbekiston avtomobil-yo'l kompleksining dolzarb vazifalari" Respublika ilmiy-amaliy anjuman materiallari to'plami II-qism. Jizzax-2008, 165-166 bet. 3. Umirov, I., Turushev, S., & Ravshanov, F. (2021). Йўл бўлакларининг ҳаракатланиш хавфсизлигига таъсирини таҳлил қилиш. Academic research in educational sciences, 2(2).*

*4. O'G'Li, U. I. I., & O'G'Li, S. A. I. (2022). Tirbandlik kuzatilayotgan shahar ko'chalarida transport oqimining asosiy tavsiflarini o 'rganish. Механика и технология, (Спецвыпуск 2), 177-188.*

*5. Ilkhom, U., & Shokhzod, S. (2022). STUDYING THE EXPERIENCE OF INTERNATIONAL TRAFFIC SAFETY MANAGEMENT. Journal of Academic Research and Trends in Educational Sciences, 1(4), 83-89.*

*6. O'G'Li, U. I. I., & Mansurovna, M. L. (2022). Avtobuslar harakatlanishi yo'nalishlarida transport oqimining harakatlanish zichligiga ta'siri. Механика и технология, 3(8), 132-139.*

*7. O'G'Li, U. I. I. (2022). Avtobus va mikroavtobus yo'nalishlarida harakat miqdori va tarkibini tadqiq qilish. Механика и технология, 2(7), 108-113.*